Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 49 (6629) 3 декабрь 2018 с. Итни РабигIул аввал 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 3 декабрь – инвалидазул Халкъазда гьоркьосеб къо

**Лъабабилеб декабралда тIобитIула инвалидазул Халкъазда гьоркьосеб къо. Бокьун буго сакъатлъарал, жидеца къохIехьеялъул мисал бихьизабулел гIадамазе гьаризе сахлъи, рохел, халатаб гIумру.**

ТIалаб-агъазалъ сверун ккураллъун, кинабго рахъалъ кумек щвараллъун хутIаги районалда сакъатал гIадамал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Казначействоялъул бакълъулазул отделениялъул хIалтIухъабазда баркула

**Микьабилеб декабралда кIодо гьабула Россиялъул казначейство гIуцIараб къо. Щибаб соналъго гIадин исанаги казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз жидерго байрамалда дандчIвай гьабулеб буго хIалтIулъ бергьенлъаби ги росун.**

ХIурматиял казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда махщалилаб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, икъбал, талихI, рохел, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

## ГIолилазул газа кьурдаги рекIунеб

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана Ингишо росдал гIолилалгун**

**Гумбеталъул гIолилазул централъул МахIачхъалаялда бугеб офисалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас дандчIвай тIобитIана Ингишо росдал гIолилазул вакил МухIамадхIабиб МухIамадовасулгун ва цогидалги хIаракатчагIазулгун.**



ГIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ХIажимурад МухIамадовас. «Гумбеталъул администрациялъ жиндирго хIаракатчилъиялъул жавабияблъун рикIкIуна гIолилазул политикаги. ЖамгIият, улка цебетIей цIикIкIарасеб къадаралда бараб буго махщел, къуват, лъай бугел гIолилазул хIаракаталда, гьез хайир кьолел проектал гIумруялде рахъинариялда. ГIолеб гIелалъе тарбия кьей, экстремизмалъул, терроризмалъул идеял нахъегIаналлъун рикIкIунеллъун гIолилал куцаялъе хIалтIи гIуцIи нижер бербалагьиялда букIуна ва чара гьечIого кидаго кIвар кьезе ккараб суал буго. Росабалъ кIудияб хIалтIи гIуцIула «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул ва гьеб гIуцIиялъул вакилзабаз зулму-хIал гьабиялъул, терроралъул, наркоманиялъул зарал бичIчIинабиялъул рахъалъ. ГIагараб ракь тIегьазабиялъе гIоло гьабулеб бугеб хIалтIухъ баркала загьир гьабула «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъе ва гьеб жамгIияб гIуцIиялъул хIаракатчагIазе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

МуниципалитеталъулбетIерас лъикIаб къимат кьуна Ингишо росдал гIолилазул вакил МухIамадхIабиб МухIамадовасул хIаракатчилъиялъе, гьарана гьесие хадурккунги бергьенлъаби, киналго байбихьиязулъ икъбал.

Хирияб РабигIул аввал моцI кIодо гьабун ингишдерица ахIана мавлид. МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) хIурматалда тIобитIараб мажлис лъугIун хадуб ХIажимурад МухIамадовас сайгъат кьуна кикбоксингалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионаталда бергьарав Ислам ГIисаевасе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Халкъалъул къадар чIезаби, 214 гIарза, 65 чирахъ…

**Финансовияб лъагIел гIуцIа-къан нухда регIиялъул суал гьоркьоб лъуна Бакълъулазул районалда**

**26 ноябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гьоркьор лъуна финансовияб лъагIел гIуцIа-къан нухда регIиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал**.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъабаз, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзабаз ва цогидазги.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Улкаялда унеб буго 2020 соналда халкъалъул ТIолгороссиялъул перепись гьабиялде хIадурлъи. Дагъистанстаталъул Гумбет районалда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас бицана районалда хIакъикъаталда гIумру гьабулезул къадар лъазе баянал ракIариялъул, демографиялъулаб ахIвал-хIал лъазабиялъул бугеб кIваралъул.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовасул баяназда рекъон, араб анкьалъ гражданазул 214 гIарза тIубан буго пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъалъе бачIараб.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас баян гьабуна сахлъи цIуниялъул бутIаялда бугеб хIал, ЦРБ электронниияб къагIидаялда хIалтIулеб

(Ахир - 2 аб. гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов поддержал изменения в законе о выделении земель для инвестпроектов без торгов

-2 гьум.



РукIана халкъалъул некIсиял сиял…

-2 гьум.



Нахъеги чемпион – МелъелтIаса Набигула Астимиров

- 3 гьум.



Эбелалъул къоялде – шапакъатал

-3 гьум.

## Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов поддержал изменения в законе о выделении земель для инвестпроектов без торгов



**Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов прокомментировал изменения в законе, предлагаемые Главой Республики Дагестан Владимиром Васильевым, касающиеся выделения земельных участков для инвестиционных проектов без проведения торгов.**

«Принятие законопроекта, разработанного Минэкономразвития РД, существенно облегчит реализацию на территории нашего района инвестиционных проектов, так как договоры аренды земельных участков, находящихся в муниципальной собственности, будут заключаться без проведения торгов. В настоящее время в Гумбетовском районе определены шесть земельных участков общей площадью 160 га, которые могут быть предоставлены потенциальным инвесторам в рамках рассматриваемого законопроекта.

Также для инвесторов важным моментом является предусмотренное законопроектом снижение порога документального подтверждения финансового обеспечения реализации инвестиционных проектов за счет собственных средств инвестора до 20 процентов от общей стоимости проекта», – отметил Хаджимурад Магомедов.

**«Гумбет» РИО**

## Халкъалъул къадар чIезаби, 214 гIарза, 65 чирахъ...

**(Байбихьи тIоцебесеб гьум.)** букIин, тохтурзабахъе ине унтараз хьвай-хьвагIай гьабизе бегьулеблъи пачалихъияб хъулухъалъул порталалдасан.

«Сарыкум» бизнес-отелалда тIобитIана Дагъистаналъул муниципалиял гIуцIабазул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабулел специалистазе семинар, гIолилал экстремизмалдаса цIуниялде буссараб курсалда. Бакъулъулазул районалдаса гьенир гIахьаллъана районалъул гIолилазул централъул ва «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров ва гIолилазул централъул ведущий специалист Заур Халидов. ГIолилазул централъул хIалтIухъабаз центрги гIахьаллъи гьабуна проектазул менеджменталъул школалъул хIалтIулъ. Централъул офисалда дандчIваял тIоритIана Сивухъ ва ЛъаратIа росдал гIолилазулгун. ГIолилазул политика гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ бицана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев



МухIамад Зубайировас.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна кьватIазда канлъи чIезабизе 65 лампочка лъунин, цебечIараб жакъасеб масъалалъун МельелтIа ва цогидалги росаби газалдалъун хьезариялъул программа гIумруялде бахъинаби кколин.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас киналго ахIана жеги лъикI хIалтIизе. «Бюджеталъул киналго хIалтIухъабаз, хасго нухмалъулез кIвар кьезе ккола щибаб бутIаялда хIасилал лъикIал рукIинариялде, гражданазе качестваб хъулухъ жиндир заманалда гьабиялде. Ахиралде щолеб буго финансовияб лъагIел, тIуразаризе ккола халкъалда цере гьарурал тIадеросиял ва 2018 сон гIуцIакъан нухда регIизе ккола», - ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

Дандельъиялъул ахиралда чIванкъотIарал тIадкъаялги кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**



## Школазул, клубазул ва цоги гIуцабазул халгъабуна

### Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев щвана Щабдухъ ва ИчичIали росабалъе

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев хIалтIулаб сапаралъ щвана Щабдухъ ва ИчичIали росабалъе.**



Гьел росабалъ районалъул нухмалъиялъул вакил дандчIвана бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул хIалтIухъабигун, мугIалималгун, хIаракатчагIигун, тIаде къабул гьаруна гIадамал, «Сельсовет "Цунди-Щабдухский"» росдал поселениялъул администрациялде гьоркьоре кколел Щабдухъ ва ИчичIали росаби социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIеялъул суалал дандрана.

МухIамад Хьарагишиев дандчIвана «Сельсовет "Цунди-Щабдухский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Мавлидин Мурадовгун, маданиялгун хIухьбахъиялъул централъул ва цогидалги хIалтIухъабигун. Хьарагишиев щвана фельдшерлъиялъул пунктаздеги. Рехсарал росабалъ гIадамазул гIумру тIами кин бугоян халгъабуна, гьезул мурадазухъ гIенеккана, рехсарал росабазул гIадамазул хIажалъаби тIураялъе тадбирал гьаризе ругин абуна.

**«Гумбет» РИО**



## Къураби кIалъала магIарул мацIалъ...

### «ЦIумазул азбука – авар мацI» фестиваль тIобитIана МахIачхъалаялда

**27 ноябралда ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул драматическияб театралда тIобитIана рахьдал мацI ва миллияб мадания цIуниялде буссараб «ЦIумазул азбука – авар мацI» фестиваль.**

Фестиваль тIобитIиялъул гIуцIарухъабилъун рукIана «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналазул редакциял, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союз, аваразул СМИязул Ассоциация ва авар мацIалъул мугIалимзабазул Ассоциация.



Фестиваль байбихьана Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, шагIир АсхIабгIали ХIасановас хIадур гьабураб циркалъул «Пехлеван» студия цебе бахъиналдасан.

Дандеруссин байбихьун кIалъай гьабуна ва бачана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир библиотекабазе, маданиял учрежденияз ва Дагъистаналъул цогидалги гIуцIабазе, тIолабго халкъалъе. Гьезда рахъула гIицIго художественниял асарал гурелги, республикаялъул гIумруялъул батIи-батIиял рахъазда бугеб хIал загьир гьабулел аналитикиял материалал. Дица ахIулел руго гьел литературиял журналазулгун гъудуллъи ккезе, гьезие подписка гьабизе, МугIрузул улкаялъул маданияб гIумруялъул централда рукIине, авар мацI ва миллияб маданият цIунизе ва цебетIезабизе», - ян абуна МухIамад АхIмадовас.

Фестивалалда гьединго кIалъазе рахъана литературиябгун художественнияб ва жамгIиябгун политикияб «Гъудуллъи» журналалъул редактор, авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев МухIамад ПатахIов, лъималазул «Лачен» журналалъул редактор, ДРялъул культураялъул мутахIикъай



МухIамад АхIмадовас. Гьес бицана гьабсагIат авар адабияталъул бугеб хIал, рехсана творческияб интеллигенциялда церечIарал масъалаби, ракIалде щвезаруна школазда авар мацI малъулаго дандчIвалел захIмалъаби.

«ЦеретIурал, лъай бугел гIелазе тарбия кьеялъе, рухIиябгун лъикIаб гIамалхасияталъул, ВатIан бокьиялъул хIалтIи халкъалда гьоркьоб гIуцIиялъул даража борхиялъе, художественниял асарал машгьур гьариялъе кIудияб кIвар буго «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналазул. Гьезие 1952 соналъ кьучI лъуна кIудияв шагIир Расул ХIамзатовас. Гьел басмаби хIажат руго школазе, хIалтIухъан ГIайшат Малачиева, Гьизилюрт районалъул бетIер МухIамад Шабанов, литературиял журналазул жавабияй секретарь, шагIир ТубхIат Зургъалова, аваразул СМИязул Ассоциациялъул председатель МухIамадрасул ГIумаров, шагIир, мугIалим Шамил МухIидинов, «Гумбет» ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов, филологиял гIелмабазул кандидат, профессор МухIамад МухIамадов, Дагъистаналъул халкъияв шагIир КъурбанмухIамад МухIамадов ва цогидалги.

(Ахир - 3 аб. гьум.)

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Нахъеги чемпион – МелъелтIаса Набигула Астимиров

### Жаватхан Жаватханов ракIалде щвеялъул турниралда церерахъана 15 командаялъул 140 гугарухъан

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа ДЮСШялда гьитIинаб гIелалъул гIолилазда гьоркьоб тIобитIана насихIатчи ва тренер Жаватхан Жаватханов ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул турнир.**




Къецалъул гIахьалчагIазда баркун кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Гьес бицана Жаватхан Жаватхановасул гIумрудул ва хIаракатчилъиялъул, районалда ва республикаялда эркенаб гугари цебетIеялъулъ гьес лъураб бутIаялъул.

«Дун вохарав вуго нилъер Бакълъулазул ракьалда жакъасеб турниралъул гIахьалчагIазе салам кьезе рес щвеялдаса. Жакъа улкаялда ва республикаялдаго гIадин, нилъер районалдаги лъимал сахлъи бугеллъун гIун рачIиналде, спорталъулаб резерв, тIадегIанаб махщалил спорсменал хIадуриялде, спорталъул учреждениязул материалиябгун техникияб база щула гьабиялде кIвар кьолеб буго», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас ва Жаватхан Жаватханов ракIалде щвеялъул эркенаб гугариялъул турнир рагьараблъун лъазабуна.

Республикаялъул шагьараздаса ва районаздаса 15 командаялъул 140 гугарухъан вахъана ургуялде. Турниралъул хIасилал гьарун, Гумбеталъул командаялъе щвана 8 призовияб бакI. Лъабабилеб бакIал ккуна МелъелтIаса ГIабдула Бекмирзаевас – 28 кг., ЦIияб Аргъваниса МухIамад МухIамадовас – 31 кг., МелъелтIаса Шамил ГIабдурахIмановас – 34 кг., МелъелтIаса АхIмад Тимисултановас – 51 кг., МелъелтIаса Шамил Тимисултановас – 55 кг. КIиабилеб бакIал ккуна Гъорк Инхоса МухIамад МухIамадрасуловас – 48 кг., ЧIиркъатIаса МухIамад ГIабдулхIажиевас – 65 кг. Турниралъул чемпионлъун исана лъабабилеб соналъги вахъана МелъелтIаса Набигула Астимиров – 55 кг.

Турниралъул призеразе районалъул администрациялъул рахъалдасан дипломал, медалал, кубокал, Жаватхан Жаватхановасул лъималазул лъималаз гIарцулал премиял кьуна.

**«Гумбет» РИО**

## Къураби кIалъала магIарул мацIалъ…

**(Байбихьи - 2 аб. гьум.)**

Художественниял композициялдалъун вечер берцин гьабуна Дагъистаналъул халкъияв артист МухIамадтIамир Синдикъовас, машгьурал кочIохъаби Майсарат ГIабдулаевалъ, ХIажилав ХIажилаевас, Авар театралъул артистаз ва цогидазги.

МухIамад АхIмадовас баркалаялъулал кагътал кьуна миллияб маданияталъул ва литературияб басмабазул рахъккурал нухмалъулезе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

ИСЛАМАЛЪ ГЪАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# «АхIулгохIил къисаби» рихьизаруна

### ЧIиркъатIа мавлид тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ гIадатлъун лъугьун буго хирияв МухIамад авараг (с. т. гI. в.) гьавураб РабигIул аввал моцIалъ мавлид тIобитIи.**

Мавлид тIобитIиялъул киналго гIуцIиялъулал хIалтIаби гьарула гIумруялъул 40 сон балел, цо классалда цIалулел рукIарал классцояз. Гьеб лъикIаб гIадат билълъанхъизабиялъе къучI лъуна, цеве росдал имамлъун вукIарав АхIмад-хIажица. Гьаб соналъ мавлид тIобитIана 1978 соналъ гьаруразъ. ТIаде къабул гьарун рукIана цоги районаздаса, росабалъа гьалбал, гIалимал.

Мавлидалда гIахьаллъана ва гьваридаб магIнаялъул кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. ВагIза-насихIатал гьаруна ва МухIамад авараг (с. т. гI. в.) гьавураб моцI баркана Шамил районалъул имам ХIасан МухIамадовас ва цогидазги.

Мавлид ахIана Казбек районалдаса къокъаялъ. Гьенир гIахьаллъаразе рекIее къабулаблъун лъугьана мавлидалъул художественнияб бутIаги. Гьеб гIуцIун букIана мавлид тIаде босаразул классцояй, мугIалим Меседо Шарапудиновалъ. Школлъималаз цIалана росуцоял-шагIирзаби Рамазан МухIамадовас, Бияхъай МухIамадгIалиевас ЧIиркъатIа росдал хIакъалъулъ хъварал кучIдул, чIиркъдерица АхIулгохI цIуниялъулъ лъураб бутIаялъул хIакъалъулъ Юсуп Дадаевасул тIехьалда хъвараб материал. ГIенеккаразе рокьана цIалдохъаби М. ХIадисовасул, М. МухIамадтIаминовасул, Ш. Ражабилаевасул, М. Басировасул, Х. Расуловалъул, А. МухIамадовалъул, Х. СалихIовалъул, Ш. СултанмухIамадовасул, М. МухIамадовасул церерахъинал. Гьединго лъималаз рихьизаруна КъумахIажи Шихмирзаевасул «АхIулгохIил къисаби» тIехьалдаса инсценировкаби.

Абизе бегьула нижер мавлид росдал къоялде буссанин ва тIадегIанаб даражаялда анин. Гьел киналго вагIза-насихIатаздаса, церерахъиназдаса къечIеб асар гьабулеб букIана ЧIиркъатIа росдал сурат тIад бахъараб банералъ. Гьеб сурат бахъун бугоан музеялъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас. Баркала буго Ибрагьимие ЧIиркъатIа росдал берцинлъи гьедин гьайбатго бихьизабуралъухъ.

**МухIамад Муртазаев ва ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъаби**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# Эбелалъул къоялде – шапакъатал

### Бакълъулазул районалъул руччабазул Советалъул данделъи тIобитIана

**27 ноябралда Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул руччабазул жамгIияб Советалъул данделъи. Гьелда гIахьаллъи гьабуна росабазул руччабазул советазул вакилзабаз ва районалъул учреждениязул, гIуцIабазул цо-цо руччабаз. Данделъи рагьана ва бачана районалъул руччабазул Советалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ. Гьелъ бицана 2018 соналда районалъул руччабазул Советалъ гьабураб хIалтIул ва тIасияб соналда цереччIарал масъалабазул хIакъалъулъ. Кинабго гьаб соналда гьабураб хIалтIи хурхараб букIана Дагъистаналъул руччабазул Союзалъ 25 сон тIубаялда ва эбелалъул къоялда.**



Данделъиялда гIахьаллъарав «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас эбелалъул къоги баркулаго, лъикIаб къимат кьуна руччабазул Советалъ гьабураб хIалтIуе. ХIалтIулъ жигарчилъи бихьизабурал руччабазул советазул нухмалъулезе ва цо-цо цогидазеги кьуна районалъул администрациялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби.

Руччабазда гьоркьоб жидецаго гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе рахъана ЦIилихь росдал руччабазул Советалъул нухмалъулей Эльмира Зайнудинова, МелъелтIа росдал руччабазул Советалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадова, Гъорк Инхо росдал руччабазул Советалъул нухмалъулей ХIалимат Юсупова, районалъул руччабазул Советалъул членал Маржанат ГIалиева, Нуцалай ГIабдурахIманова, ГIазра Исубилаева ва цогидалги.

**ГIайшат Исламбиева**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ГьитIинго босараб лъай – ганчIида бикIараб накъищ

### Бакълъулазул районалда тIобитIана байбихьул классазул мугIалимазул данделъи

**ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана районалъул школазул байбихьул классазул мугIалимазул данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана байбихьул классазул 32 мугIалим, районалъул информациялъулгун методическияб централъул методистал Загьид ХIусенов ва ГIабдула МухIамадов. Семинар байбихьана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул мугIалимазул дарсазде иналдасан. Гьенир байбихьул классазда дарсал кьей гIуцIун буго ФГОСалъул тIалабазда данде кколедухъ.

Семинаралъул теоретикияб бутIаялда лъайкьей цебетIезабиялъул Дагъистаналъул институталъул байбихьул лъайкьеялъул кафедраялъул доцент Жамиля ГIисаевалъ бицана Россиялъул Федерациялда лъайкьеялъул хIакъалъулъ 273 – ФЗ Федералияб законалда ва педагогазул аттестация гьабиялда ругел хиса-басиязул.

Данделъиялъул хIасилал гьаруна районалъул методическияб хъулухъалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Информирует прокуратура

**20.11.2018г. прокуратура Гумбетовского района организовала семинар, посвящённый вопросам соблюдения налогового законодательства.**

В работе семинара приняли участие представители МРИ ФНС России №12 по Республике Дагестан, руководители бюджетных учреждений и организаций района, а также главы муниципальных образований сельских поселений района.

На семинаре обозначены и обсуждены вопросы по повышению эффективности администрирования налоговых платежей во взаимодействии налоговых органов с органами государственной власти и местного самоуправления.

Отдельно освещена тема уголовно-правовой ответственности за неуплату налогов.

По итогам семинара выработаны предложения по повышению эффективности администрирования налогов и увеличению темпов поступлений в текущем году.

**М.Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

## Наследники могут получить накопленную пенсию умершего члена семьи

**В случае, если смерть застрахованного лица наступила до назначения ему накопительной пенсии, средства пенсионных накоплений, учтенные в специальной части индивидуального лицевого счета или на пенсионном счете накопительной пенсии застрахованного лица, выплачиваются правопреемникам умершего застрахованного лица (ч. 6 ст. 7 Федерального закона от 28.12.2013 № 424-ФЗ «О накопительной пенсии»).**

Порядок выплаты Пенсионным фондом Российской Федерации правопреемникам таких пенсионных накоплений утвержден Постановлением Правительства РФ от 30.07.2014 № 711. Правопреемники по закону (в первую очередь это дети, в том числе усыновленные, супруга (супруг) и родители (усыновители), во вторую очередь - братья, сестры, дедушки, бабушки и внуки) в течение полугода со дня смерти застрахованного лица могут обратиться в любой территориальный орган Пенсионного фонда РФ с заявлением о выплате средств пенсионных накоплений. К заявлению необходимо приложить документы, подтверждающие право наследования: - документ, удостоверяющий личность; - документ, подтверждающий родственные отношения; - решение суда о восстановлении срока для обращения (для правопреемников, пропустивших срок); - свидетельство о смерти застрахованного лица (при наличии); - СНИЛС умершего лица. Срок рассмотрения таких обращений - не позднее последнего рабочего дня месяца, следующего за месяцем, в котором истек срок, установленный для обращения правопреемников с заявлениями о выплате средств пенсионных накоплений. Если же срок обращения с заявлением пропущен, то он может быть восстановлен в судебном порядке. Также предусмотрен возврат остатка средств материнского капитала, направленных на формирование накопительной пенсии, и результата их инвестирования, не выплаченный умершему застрахованному лицу в виде срочной пенсионной выплаты. Указанные денежные средства могут быть перечислены отцу (усыновителю) ребенка, в связи с рождением (усыновлением) которого у застрахованного лица возникло право на получение материнского капитала, либо ребенку, не достигшему совершеннолетия либо обучающемуся по очной форме обучения, но не дольше чем до достижения им возраста 23 лет.

**М.Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

## Изменения в законодательстве об оружии

С 16 января 2019 г. вступят в действие изменения, внесенные в Федеральный закон от 13.12.1996 № 150-ФЗ «Об оружии». Изменения затронули покупку-продажу патронов, а также самостоятельного снаряжения патронов к гражданскому огнестрельному длинноствольному оружию и спортивного огнестрельного длинноствольного оружия, и реализации материалов для самостоятельного снаряжения патронов. Законом регламентировано, что продажа и передача инициирующих и воспламеняющих веществ и материалов (пороха, капсюлей) для самостоятельного снаряжения патронов лицам, не имеющим разрешения на хранение и ношение гражданского огнестрельного оружия запрещена. Устанавливается необходимость вести учет приобретаемых и продаваемых оружия, патронов, а также материалов для самостоятельного снаряжения патронов и хранить данную документацию в течение 10 лет. Обращаю внимание, что граждане, впервые приобретающие гражданское огнестрельное длинноствольное оружие и спортивное огнестрельное длинноствольное оружие при изучении правил безопасного обращения с оружием и приобретении навыков безопасного обращения с оружием, должны пройти обучение безопасному самостоятельному снаряжению патронов к гражданскому огнестрельному оружию.

**М. Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

## Административная ответственность в сфере закупок

**Согласно Федеральному закону от 05.04.2013 № 44-ФЗ «О контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд» исполнение контракта включает в себя комплекс мер, реализуемых после заключения контракта и направленных на достижение целей осуществления закупки путем взаимодействия заказчика с поставщиком: - приемка поставленного товара, выполненной работы (ее результатов), оказанной услуги предусмотренных контрактом, включая проведение экспертизы; - оплата заказчиком поставленного товара, выполненной работы.**

При этом приемка результатов исполнения контракта, их оплата осуществляются в порядке и в сроки, которые установлены контрактом, и оформляется документом о приемке, который подписывается заказчиком, либо заказчиком направляется поставщику (подрядчику, исполнителю) в письменной форме мотивированный отказ от подписания такого документа. На практике заказчики и поставщики в силу объективных и субъективных причин, зачастую, не выполняют указанные требования закона, что влечет негативные последствия как для субъектов предпринимательской деятельности, так и для охраняемых законом интересов общества и государства. Кроме того, законодатель ввел административную ответственность за ненадлежащее выполнение условий контракта. Так, в соответствии с ч. 7 ст. 7.32 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях за действия (бездействие), повлекшие неисполнение обязательств, предусмотренных контрактом на поставку товаров, выполнение работ, оказание услуг для нужд заказчиков, с причинением существенного вреда охраняемым законом интересам общества и государства, предусмотрено наложение административного штрафа на должностных лиц и индивидуальных предпринимателей в размере от 5 до 15 процентов стоимости неисполненных обязательств, предусмотренных контрактом на поставку товаров, выполнение работ, оказание услуг, но не менее 30 тысяч рублей или дисквалификация на срок до двух лет; на юридических лиц - от однократного до трехкратного размера стоимости неисполненных обязательств, предусмотренных контрактом на поставку товаров, выполнение работ, оказание услуг, но не менее 300 тысяч рублей. Существенность вреда может определяться его размером, характером, а также особой для потерпевшего ценностью нарушенного блага и, как правило, выражается в материальном ущербе, нарушении нормальной работы органов государственной власти и органов местного самоуправления, государственных и муниципальных учреждений. Также законодатель установил административную ответственность для должностных лиц заказчика, предусмотренную ст. 7.32.5 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, за нарушение срока и порядка оплаты товаров (работ, услуг) при осуществлении закупок для обеспечения государственных и муниципальных нужд, в том числе неисполнение обязанности по обеспечению авансирования, предусмотренного государственным или муниципальным контрактом. Санкцией статьи законодателем предусмотрена возможность наложения административного штрафа в размере от 30 до 50 тысяч рублей, а за повторное нарушение - дисквалификацию на срок до 2 лет.

**М. Р. Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2019

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2019 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета.

Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2019 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

ХIурматиял подписчикал! Россиялда гIадатлъун лъугьун буго газеталъул-журналазул подпискаялъул багьа цIикIкIинаби. Гьале иргадулаб нухалдаги 2019 соналъе районалъул «Гумбет» газеталъул подпискаялъул багьаги хиралъана. Районалъул газеталъул 45 аб. номералда рахъарал багьаби хисун руго.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 489,12 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 244,56 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.